


Kitab Suci Bocah  
nyuguhaké



Swarga,  
Daleme Gusti  
Allah sing  
Éndah



Ditulis déning: Edward Hughes

Digambari déning: Lazarus

Dibesut déning: Sarah S.

Diterjemahaké déning: Endang Supardan

diproduksi déning: Bible for Children  
[www.M1914.org](http://www.M1914.org)

©2011 Bible for Children, Inc.  
Kowe duwé hak motokopi utawa nyithak  
crita iki, waton ora kanggo diedol.



Nalika Gusti Yésus isih nang donya,  
Panjenengané ngendika marang  
para muridé bab Swarga.


Gusti Yesus nyebut  
iku "Daleme  
Ramaku", lan  
uga ngendika



yèn ing kono isih akèh panggonan.



Panggonan sing dingendikaaké Gusti  
Yésus iku omah gedhé lan apik  
banget. Swarga iku  
luwih gedhé lan  
luwih éndah  
dibandingké  
omah sing



paling apik nang donya.



Gusti Yésus ngendika, "Aku lunga kanggo nyedhiyaaké panggonan kanggo kowé.



Lan yèn Aku wis lunga lan  
nyedhiyaaké panggonan kanggo  
kowé, ...



... banjur Aku bakal teka manèh lan ngajak kowé supaya bebarengan karo Aku."



Gusti Yésus pancèn banjur tindak  
menyang Swarga sakbubaré wungu  
saka antarané  
wong mati.






Wektu iku, diseksèkaké déning  
para murid, Yésus sumengka ing  
swarga, ...




... banjur ora bisa katon manèh  
amarga ketutupan méga sing  
nampani Panjenengané.




Wiwit ing wektu iku para wong  
Kristen tansah padha éling  
marang janjiné Gusti  
Yésus sing bakal  
rawuh lan methuk  
dhewèké  
kabèh.



Gusti Yésus ngendika yen  
Panjenengané bakal rawuh  
ing wayah sing ora  
dinyana-nyana.



Lha priyé dadiné wong-wong  
Kristen sing mati  
sakdurungé  
Yésus rawuh  
manèh?




Kitab Suci nyebutaké yèn wong-wong  
iku langsung tetunggilan karo  
Gusti Yésus. Déné yèn  
manungsa ora ana ing  
badan wadhagé  
ateges padha  
ana ing


ngarsané Gusti.



Wahyu Marang Yohanes, yaiku buku  
pungkasan ing Kitab Suci nyritaaké  
marang kita kaya  
ngapa éndahé  
Swarga.



Nanging sing luwar biasa yaiku déné Swarga iku Dalemé Gusti Allah Piyambak. Gusti Allah ana ing endi-endi, nanging Papan Kamulyané utawa Dhamparé Kraton iku ana ing Swarga.





Para malaékat lan makhluk  
swarga liyané ngabekti  
marang Allah ing  
Swarga.



Semono uga kabèh kagungané Gusti  
sing wis tilar donya  
lan mangkat menyang  
Swarga. Kabeh wong  
mau ngidungaké puji-  
pujian  
kusus  
kagem  
Gusti  
Allah.



Ing kéné ana sawenèhing tembung  
saka nyanyian sing  
dikidungaké déning  
para makluk swarga  
mengkéné:



PADUKA PANTES NAMPÈNI  
PANGWAOS AMARGI  
SRANA RAH PADUKA,  
PADUKA SAMPUN  
NEBUS  
KULA  
SEDAYA,  
...



... INGGIH SABEN SUKU LAN  
BANGSA, KAGEM  
GUSTI ALLAH;  
SARTA SAMPUN ...




... NDADOSAKEN KAWULA  
RAJA-RAJA LAN  
IMAM-IMAM KAGEM  
GUSTI ALLAH.

(Wahyu  
5:9)




Kaca utawa halaman-halaman akir  
Kitab Suci nggambaraké Swarga  
kayadéné "Yérusalèm Anyar".




Yérusalèm Anyar iku panggonan  
sing gedhé, gedhé banget, Bètèngé  
gedhé lan dhuwur. Témboké saka  
watu yaspis,

bening  
kaya  
kristal.






Pondasi témboké dilapisi sesotya  
utawa inten mawarna-warna lan watu  
adi sing mencorong warnané éndah  
banget.




Saben gapura diwangun saka mutiyara sing gedhé banget.



Gapura mutiyara sing gedhé iku ora  
tau tutup. Ayo mlebu, ndeleng  
kliling-kliling...  
WAH!




Njeroné swarga jebul luwih apik  
manèh. Kuthané saka emas murni,  
kaya kaca bening. Malah dalan-  
dalané uga  
digawé  
saka




emas.


Kali sing bening lan éndah banget,  
sing isiné banyu kauripan, mili saka  
dhamparé Gusti Allah.




Ing sapinggiré kali, sisih kana lan  
kene ana wit kauripan, yaiku wit sing  
biyèn tau ana ing Taman Éden. Wit  
iki sepesial banget.



Nguwuh rolas who kang beda-beda,  
lan saben wulan beda-beda wohe.  
Lan godhonge wit kauripan iku dingo  
marekake sakabehing bangsa.




Swarga ora mbutuhaké srengéngé  
utawa bulan kanggo madhangi.  
Kamulyané Allah piyambak arupa  
pepadhang sing éndah, wis ngebaki  
swarga. Ing kana ora tau ana bengi.






Kéwan-kéwan ing Swarga uga béda.  
Kabèh lulut lan seneng kekancan.  
Asu ajag lan cempé mangan suket  
bebarengan.



Uga singa sing gagah-kuwat mangan  
damèn kaya kuldi. Gusti ngendika,  
"Ora ana sing natoni utawa  
nyirnakaké liyan ing gunungKu  
kang suci."



Yèn kita nyawang sakliling kita,  
ana prekara sing  
ora ana ing  
Swarga.




Nang kono kita ora tau krungu wong  
sing nepsu karo ngucapaké tembung

èlèk. Ora  
ana wong  
gelut,  
ora ana  
wong  
sing  
murka  
utawa égois.



Omah- omah ora perlu dikunci  
sebab ora ana  
maling ing  
Swarga.



Uga ora ana wong sing gawéné  
ngapusi, matèni, tukang  
tenung  
utawa  
wong-  
wong  
jahat  
liyané.



Nang Swarga ora ana dosa  
sethithik-thithika.



Ing Swarga, bebarengan  
karo Gusti Allah, ora  
ana wong nangis lan  
ngetokaké luh. Ing  
donya iki, ana kalané  
kagungané Gusti  
padha nangis amarga  
ngalami urip sing  
susah banget.







Ing swarga, Gusti  
Allah bakal ngelap  
eluhé nganti garing.




Ing Swarga uga ora ana pepati.  
Umat kagungané Gusti bakal  
bebarengan terus  
karo Gusti  
saklawasé.  
Ora ana  
susah,  
ora ana  
tangisan,  
ora ana  
kelaran.




Ora ana penyakit, ora ana pepisahan,  
ora ana penguburan utawa layatan.  
Kabeh wong ing Swarga tansah  
bungah-bungah  
saklawasé,  
bebarengan  
karo  
Gusti  
Allah.




Sing paling nyenengaké yaiku:  
Swarga iku panggonané  
bocah-bocah lanang  
lan wadon  
(mesthi wae  
uga wong  
diwasa), ...




... sing precaya yèn Jésus Kristus iku  
Juruslameté, sarta mbangun turut  
marang Panjenengane,  
yaiku Gusti Yésus  
Kristus  
iku.




Ing Swarga ana sawijining buku  
jenengé Buku Kauripan kagungané  
Sang Cempé. Buku iku kebak  
jeneng. Ana sing ngerti  
jenengé sapa wae  
sing ditulis  
ing kono?



Jenengé kabèh wong sing  
percaya marang Gusti Yésus.  
Apa jenengmu ana  
ing kono?




Tembung sing pungkasan ing Kitab  
Suci prekara Swarga, awujud  
undangan.






"Roh lan pengantèn putri iku  
ngendika, 'Mrénéya!' Lan sapa sing  
padha krungu munia 'Mrénéya!'"



Lan wong sing ngelak cikbèn teka.  
Sarta sapa waé sing kepéngin, cikbèn  
njupuk banyuné kauripan tanpa  
mbayar."



Swarga, Daleme Gusti Allah sing Éndah  
Crita saka Pangandikané Gusti, Kitab Suci  
bisa digolèki ing

Yohanes 14, 2 Korintus 5,  
Wahyu 4, 21, 22

“Kawedharipun pangandika Paduka punika  
madhangi.” Jabur 119:130



cunthel



Crita Kitab Suci iki nyritaaké bab Gusti Allahé awaké dhéwé sing luwar biasa, sing nitahaké kita kabèh, sing ngersaaké supaya kowé wanuh marang Panjenengané.

Gusti Allah pirsá yèn awaké dhéwé wis nglakoni prakara sing èlek-èlek, sing disebut déning Gusti Allah, dosa. Ukumané dosa iku pepati, nanging Gusti Allah banget olèhé ngasihi marang kowe, mula ngirim Putrané Ontang Anting, utawa Putra sing ora ana Tunggalé, asmané Yésus, supaya séda disalib. Yesus diukum sebab dosa-dosamu. Banjur Gusti Yésus wungu manèh saka séda lan kondur menyang Swarga! Yen kowé pracaya marang Gusti Yésus lan nyuwun pangapura tumrap dosa-dosamu, Panjenengané bakal maringi pangapura! Panjenengané bakal rawuh lan urip nang atimu saiki uga, lan kowé bakal urip bareng Panjenengané saklawasé.



Yen kowé percaya yen iki bener,  
mara matura marang Gusti mengkéné:  
Gusti Yésus ingkang kawula tresnani, kawula pitados  
bilih Paduka punika Gusti, lan sampun manjalma dados  
manungsa supados séda kanggé nyirnaaken dosa-dosa  
kawula, lan sakpunika Paduka sampun gesang malih.  
Mugi rawuha ing gesang kawula lan apuntenana sedaya  
dosa kawula, supados kawula nggadhahi gesang énggal  
ing wekdal punika, lan bénjang badhé sesarengan  
kaliyan Paduka salaminipun. Mugi mitulungi kawula  
supados saged tansah mbangun turut dhumateng  
Paduka sarta gesang kagem Paduka, dados putra  
Paduka. Amin.

Maca Kitab Suci lan geguneman karo Gusti  
Yésus saben dina! Yohanes 3:16

